

NATIVE LANGUAGE LITERACY
SCREENING DEVICE
(HAITIAN CREOLE)

Chè Elèv:

Nou byen kontan ou vini nan lekòl nou an.

Lè w fin ranpli papye sa a, sa va ede nou deside ki pwogram ki pi bon pou w.

Tanpri ranpli papye sa a pou kont ou.

Si w pa kapab reponn tout kesyon yo, ranpli pati w kapab yo
sèlman epi kite rès la vid.

Mèsi.

Dat jodi a: _____

Ki non ou: _____

Ki adrès ou: _____

Telefòn: _____

Ki dat ou fêt ? _____

1. Nan ki peyi w fêt?

2. Nan ki ane w vini o Zetazini?

3. Konbyen ane w te pase lekòl nan peyi w?

4. Eske w te janm suiv yon kou angle o Zetazini?

5. Eske w marye?

6. Eske w genyen pitit?

7. Ki lang ou pale lakay ou?

8. Eske w li jounal ou byen revi an kreyòl?

9. Ki travay ou ap fè?

10. Ki sa w renmen fè lè w gen tan lib?

Mèsi pou repons ou yo.

Nan paj ki vin apre yo w ap wè kèk istwa sou elèv ki vini lekòl pou aprann angle.

Tanpri li istwa sa yo.

Istwa # 1

Mwen kontan.

Mwen santi map aprann kèk bagay.

M ap aprann pale angle.

M ap kòmanse yon lòt vi nan peyi sa a.

Nan lekòl la, elèv yo ak pwofesè
a ede m aprann.

Istwa # 2

Pitit gason mwen an pale angle.

Li pale angle ak zanmi li yo.

Mwen pale avèk li an kreyòl.

Li pale ak mwen an angle.

Li difisil anpil pou mwen pou
m pale angle.

Alò kounye a mwen vini nan lekòl
sa a pou m aprann angle.

Istwa # 3

Mwen vini o Zetazini an 1982.

Mwen vini nan lekòl granmoun sa
a paske mwen vle aprann angle.
Premye jou mwen nan lekòl la,
mwen te sou tansyon.

Lè m te timoun, mwen pat kapab
ale lekòl, mwen te oblige travay
pou m ede fanmi m.

Premye jou mwen nan lekòl granmoun
sa a, mwen pat konnen ki sa ki
ta prale pase. Men, pwofesè m nan
ak élèv yo, tout gen bon jan.
Kounye a mwen santi m pi alèz.

Istwa # 4

Mwen genyen 25 an. Mwen genyen
de pitit fi. Mwen vini o Zetazini
paske mwen te vle sitiyasyon
pitit mwen yo vin miyò. Mwen ta
renmen jwenn yon bon travay.

Kounyè a, mwen vin nan lekòl sa
a ki se yon lekòl pou granmoun.
Nou etidye angle nan klas la.
Mwen eseye pratique angle lakay mwen,
men li pa fasil. Tout zanmi mwen
yo pale kreyòl. Pafwa mwen gade
rogram an angle nan televizyon.

Li pa fasil pou m jwenn tan pou m
vin lekòl. Se pou pitit fi mwen
yo m ap fè sakrifis sa a.

Nou espere w te renmen istwa sa yo sou elèv yo ki te ale nan lekòl pou aprann pale angle.

Nan liy ki anba yo, eseye ekri kèk fraz sou pwòp tèt ou. Di nou pou ki sa ou vle aprann angle osnon nenpòt bagay ou ta vle di nou.